



Pou Piblikasyon Imedya: 25/02/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KE PLUG POWER PRAL ENVESTI 290 MILYON DOLA NAN NOUVO ENSTALASYON PWODIKSYON KABIRAN IDWOJÈN AK SOU-PÒS ELEKTRIK NAN KONTE GENESEE**

***Konpayi an pral bati enstalasyon dènve kri nan Pak Syantifik, Teknolojik ak Fabrikasyon Avanse Lwès New York la nan Vil Alabama, k ap kreye 68 travay***

***Investisman eta a sipòte pwogram enèji vèt Gouvènè a, ki mande 29 milya dola nan investisman pou enèji pwòp atravè eta a***

***L ap konpleman Inisyativ "Finger Lakes Forward" la—ki se estrateji global reyon an pou revitalize kominote yo ak devlope ekonomi an***

Gouvènè Andrew M. Cuomo anonse jodi a ke founisè teknoloji enèji altène prensipal la, [Plug Power](#), pral investi 290 milyon dola nan konstriksyon enstalasyon pwodiksyon kabiran idwojèn vèt ak sou-pòs elektrik dènve kri nan Pak Syantifik, Teknolojik ak Fabrikasyon Avanse (Science, Technology and Advanced Manufacturing Park, STAMP) Lwès New York ki sitiye nan Vil Alabama, Konte Genesee. Pwojè Plug Power a se premye konstriksyon nan sit STAMP lan epi pral egzije pou konpayi an finanse konstriksyon yon sou-pòs elektrik 450 megawat pou sipòte ekspansyon li ansanm ak opòtinite kwasans alavni yo nan pak biznis lan. Plug Power te angaje li tou pou kreye 68 travay nan nouvo enstalasyon pwodiksyon an, ki pral pwodui 45 tòn idwojèn vèt chak jou. Angajman antrepriz lan pou devlope nouvo enstalasyon pwodiksyon kabiran idwojèn vèt la nan New York se rezilta yon pake ankourajman global eta a ak lokal ki soti nan Otorite Enèji New York (New York Power Authority, NYPA), Empire State Development ak Konte Genesee. Konstriksyon nouvo sant lan ta dwe kòmanse ete sa a.

"Eta New York angaje li pou etabli tèt li kòm lidè nan efò nasyonal la pou yon lavni ki pi renouvlab ki konsantre sou ekselans nan enèji vèt, epi n ap montre ke pwoteje anviwònman an ak ankouraje kwasans ekonomik pa eskli youn lòt", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou fyè anpil pou fè patenarya avèk Plug Power yon lòt fwa ankò epi aplodi investisman kontinyèl konpayi an nan reyon Finger Lakes ak angajman li pou kreye travay ekolojik bon kalite pandan n ap travay pou ankouraje nouvo investisman ak devlopman travay pandan yon moman ekonomik ki difisil pou anpil Nouyòkè."

"Non sèlman anons jodi a vle di plis travay nan fabrikasyon avanse nan Konte Genesee, men tou n ap investi nan yon lavni ki pi pwòp, pi vèt pou Eta New York",

**Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Atravè sipò Eta New York, Plug Power, yon founisè teknoloji enèji altènativ prensipal, pral devlope yon nouvo enstalasyon pwodiksyon kabiran idwojèn vèt. Nou fyè pou nou fè patenarya avèk konpayi tankou Plug Power k ap apiye sou efò nou yo pou kenbe eta nou an devan nan liy lan epi kreye yon ekonomi vèt".

Eta a ankouraje dirèkteman pwogram Enèji Vèt anbisye Gouvènè a—inisyativ ki pi agresif sou klima ak enèji pwòp nan nasyon an—ki pral ankouraje plis pase 29 milya dola nan investisman piblik ak prive atravè eta a epi kreye 12,400 megawatt enèji vèt, ase pou alimante sis milyon kay. Investisman yo pral non sèlman ede eta a pase nan yon ekonomi ki net an kabòn, akonpli objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) New York la, men tou pral ankouraje retablisman ekonomik apre pandemi COVID la.

Ankourajman NYPA yo, ki sijè ak apwobasyon Konsèy Administrasyon Otorite Enèji New York la nan mwa k ap vini an, pral make premye kliyan NYPA ki apwouve pou ankourajman devlopman ekonomik anba nouvo kritè travay vèt Otorite Enèji a, ke Gouvènè a [te anonse](#) nan desanm. Gouvènè a rekòmande pou konsèy NYPA a apwouve ankourajman sa yo:

- Alokasyon 10 MW kouran idwolik bon mache nan kad Pwojè Elektrisite Niagara a.
- 1.5 milyon dola nan pwogram Resèt Kouran Rejyon Lwès New York (Western New York Power Proceeds).
- 143 MW pisans ki gen Faktè Chaj Elve ke NYPA pral pwokire pou Plug Power sou mache enèji a.

Empire State Development pral bay jiska 2 milyon dola nan Kredi Taks Excelsior la an echanj pou angajman nan kreyasyon travay. Konte Genesee pral bay ankourajman taks lokal anplis, k ap tann apwobasyon Sant Devlopman Ekonomik (Economic Development Cener, EDC) Konte Genesee.

**Komisè Pwovizwa, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral yo nonmen pou Empire State Development, Eric Gertler te deklare,** "Inovasyon vizyonè Plug Power ak angajman kontinyèl li anvè Eta New York ap ede nan fè pwogrese vizyon enèji pwòp Gouvènè Cuomo a. Enstalasyon fabrikasyon kabiran idwojèn sa a nan gwo sit STAMP lan pral ranfòse ekonomi vèt New York la nan kreye travay bon kalite nan fabrikasyon teknoloji avanse".

**Gil C. Quiniones, prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYPA, te deklare,** "Ekonomi enèji pwòp eta a ap devlope rapid anba lidèchip Gouvènè a epi Plug Power ap sezi pil opòtinite yo pou konpayi enèji pwòp yo agrandi ak pwospere nan New York. Pwofite kouran idwolik san kabòn NYPA a nan kad Pwojè Elektrisite Niagara a pou atire yon antrepriz ki devwe nan devlopman idwojèn vèt pou aplikasyon selil kabiran yo se yon egzanp fason nou ta dwe abòde kriz klimatik la".

Ekspansyon Plug Power a fè pati yon estrateji konsantre pou konstwi jiska sèt enstalasyon pwodiksyon idwojèn nan Nò Amerik rive 2022. Nan mwa janvyè, Gouvènè

a [te anonse](#) Plug Power pral etabli yon Sant Inovasyon 125 milyon dola nan Konte Monroe, sa k ap kreye 377 nouvo travay. Enstalasyon an pral fabrike pake selil kabiran idwojèn pou motè selil kabiran idwojèn ProGen li yo ki itilize pou yon seri veyikil elektrik, ki gen ladan materyèl antretyen ekipman, veyikil flòt komèsyal sou wout yo ak dwòn yo. Konpayi an fonksyone tou nan yon enstalasyon nan Eastman Business Park nan Rochester epi kenbe syèj sosyal li nan Rejyon Kapital la.

**Direktè Egzekitif Jeneral Plug Power a Andy Marsh te deklare,** "Lavni Plug Power tounen legalman alantou konstriksyon ekonomi idwojèn vèt la. Nou rekonesan pou eta orijin New York nou an ki sipòte inisyativ agresif sou klima ak enèji pwòp yo. Epi, solisyon idwojèn vèt Plug Power a ka tèlman fè enpak sou klima anviwònmanal ak ekonomik pozitif nan eta a. Anpil remèsiman pou lidè yo nan Eta New York pou sipò kontinyèl yo, ki gen ladan Senatè Schumer, Gouvènè Cuomo ak anpil nan Empire State Development, Sant Devlopman Ekonomik Konte Genesee a, ak lòt".

STAMP se yon gwo sit 506 ekta ki sitiye nan sant pi gwo popilasyon, rechèch ak sant fòmasyon mendèv rejyon nò New York yo. Konekte avèk koridò teknoloji avanse New York atravè New York State Thruway, STAMP te fini konsepsyon ak enjeniri nan tout nivo sit la, epi tout apwobasyon nan nivo anviwònmanal ak divizyon zòn sou sit la pou resevwa pwojè yo gen ladan fabrikasyon semi-kondiktè, fabrikasyon renouvlab, fabrikasyon byofama ak lòt endistri ki gen gwo kapasite. Gwo sit la sitiye yon fason estratejik nan zòn kouran idwolik bon mache NYPA a epi pral resevwa sèvis sous enèji renouvlab, fyab, gwo kapasite nan 100 pousan. STAMP te valide kòm yon pwojè priyòrite rejyonal dapre Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Finger Lakes (Finger Lakes Regional Economic Development Council, FLREDC) la epi te jwenn sipò gouvènman lokal, rejyonal ak eta, ansanm ak biznis, inivèsite ak patnè sèvis piblik yo.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Sant Devlopman Ekonomik Konte Genesee Steve Hyde te deklare,** "Efò Eta New York yo pou envesti nan yon gwo sit tankou STAMP an kolaborasyon avèk Konte Genesee, vil Alabama, ak Otorite Enèji New York la, te lakòz yon gwo enterè pami konpayi fabrikasyon avanse yo nan monn lan pou STAMP ak Konte Genesee. Benefis ekonomik devlopman ki pwopoze sa a nan STAMP mete aksan tou sou fason pwojè sa a kontribiye nan wòl prensipal Eta New York pou redui chanjman klimatik, piske Plug Power se yon lidè entènasyonal nan fabrikasyon idwojèn pwòp ki ka redui anpil emisyon lè epi, nan pwosesis la, kreye travay ki peye byen pou kominote ak rejyon nou an".

Kouran idwolik bon mache Niagara a disponib pou konpayi yo ki nan yon reyon 48 kilomèt de Pwojè Kouran Niagara NYPA a oswa biznis yo ki nan Konte Chautauqua. Kouran idwolik Niagara a lye ak plizyè dizèn milye travay ki la deja nan rejyon an. Prim finansman NYPA rive posib gras ak revni nèt ki soti nan lavant kouran idwolik ki pa itilize ki soti nan santral kouran NYPA Niagara a ak branch ki soti nan pwojè lwa resèt kouran ke Gouvènè Cuomo te siyen pou vin tounen lwa an 2012.

**Sipèvizè Vil Alabama a, Robert Crossen, te deklare,** "Enterè plizyè konpayi fabrikasyon avanse yo, ki gen ladan Plug Power, gen nan Vil Alabama ak STAMP lan

ankouraje mwen. Nou te travay di anpil pou pwopoze yon sit ki adapte pou yon pwojè nan anplè sa a, epi nou pa ka tann pou reyalize etap enpòtan yo pou devlope ak fè pwojè sa avanse nan kominote nou an".

**Prezidan ak Direktè Ekzekitif Jeneral Greater Rochester Enterprise la, Matt Hurlbutt, te deklare,** "Plug Power prevwa mete anplas yon enstalasyon jenerasyon idwojèn nan gwo sit STAMP lan nan Konte Genesee akòz enfrastrikti san parèy li a, ki gen ladan kouran idwolik bon mache ak pwòp. Kouran ki jenere nan nouvo enstalasyon sa a pral sipòte tou gwo faktori (Giga factory) Plug Power nan Rochester, NY".

Pou jwenn plis enfòmasyon sou Plug Power, ale sou <https://www.plugpower.com/>.

### **Akselere Finger Lakes Forward**

Anons jodi a antre nan kad "Finger Lakes Forward", ki se plan global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik solid ak devlopman kominotè. Depi ane 2012, Eta a te deja investi plis pase 8.07 milya dola nan rejyon an pou etabli fondasyon pou plan an – lè li investi nan endistri kle yo ki gen ladan yo endistri fotonik, agrikilti ak pwodiksyon pwodwi alimantè, ansanm ak manifakti avanse. Kounye a, rejyon an ap akselere Finger Lakes Forward gras ak yon investisman 500 milyon dola Eta a ap fè nan kad Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a, Gouvènè Cuomo te anonse nan mwa desanm 2015 lan. Investisman 500 milyon dola Eta a pral ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – epi plan rejyon an, jan yo soumèt li a, prevwa jiska 8,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [la](#).

### **Konsènan NYPA**

NYPA se pi gwo òganizasyon enèji piblik Eta nan nasyon an, ki ap jere 16 etablisman ki ap pwodwi enèji ak plis pase 2,253 kilomèt sikwi liy transmisyon. Plis pase 80 pousan elektrisite NYPA pwodwi se enèji idwolik renouvlab ki pwòp. NYPA pa itilize lajan taks oswa kredi Eta. Li finanse operasyon li yo apati obligasyon yo vann ak revni li resevwa an gran pati atravè elektrisite yo vann. Pou w jwenn plis enfòmasyon vizite [www.nypa.gov](http://www.nypa.gov) ak renmen nou sou [Twitter](#), [Facebook](#), [Instagram](#), [Tumblr](#) ak [LinkedIn](#).

###

Lèt nouvel disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)